УДК 811.35
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-3-46-69-75

# АДЫГЭБЗЭМ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭСЫБЗЭМ) И ТЕКЪУЗЭР (УДАРЕНЭР) ЗЫХУЭДЭР

**Абазэ Маритэ Мухьэмэд ипхъу**, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиалым и адыгэбзэ секторым и лэжьакIуэ нэхъыжь, marita.abazova@yandex.ru

Лэжьыгъэр теухуащ адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэбзэм и текъузэр (ударенэр) зыхуэдэм, абы иIэ щхьэхуэныгъэхэм. Ди статьям япэ дыдэу ударенэм (текъузэм) ехьэлIа фIэщыгъэцIэ БищIо Б.Ч. (ф. щI. д.) адыгэбзэкIэ зэридзэкIахэр къыщыдгъэсэбэпащ, щыдгъэнаIуащ. Адыгэбзэ текъузэр зыхуэдэм теухуауэ еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр щыIэщ, ахэр тегъэщIапIэ тщIыуэрэ, зэдгъапщэурэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр дгъэзэщIащ. Къыхэдгъэщащ текъузэр нэхъыбэрэ зытехуэ пычыгъуэр, ар зэрыIэпхъуэр, абы псалъэм и лексикэ мыхьэнэмрэ грамматикэ мыхьэнэмрэ зэрихъуэжыфыр. Мы статьям нэIурыт ещI адрей бзэхэм къащхьэщыкIыу адыгэбзэм и текъузэм увыпIэ хэха иIэ пэтми языныкъуэ псалъэхэм деж абы и увыпIэр зэрыщихъуэжыр.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: адыгэбзэ, къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, текъузэ (ударенэ), текъузэ шэщIа, къару текъузэ, системэ.

ЦIыхухэм я гурылъхэр зэрызыхуаIуатэу щыт бзэр зы къэпсэлъыкIэм тетыныр, адыгэбзэ фIэщыгъэцIэхэр (терминхэр) къэдгъэсэбэпыфу щытыныр, ахэр адыгэ бзэщIэныгъэм хэпщэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэщ. Абыхэм къалэну къапкърокI адыгэбзэм и текъузэр (ударенэр) зыхуэдэр, абы и увыпIэр, ар зытехуэр гъэбелджылыныр.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм зиужьыным, ар егъэфIэкIуэным елэжьа щIэныгъэлIхэу Борыкъуей ТI. [Борукаев, 1932], Яковлев Н.Ф. [Яковлев, 1941, 1948], Турчанинов Г.Ф., Цагъуэ М.Б. [Турчанинов, Цагов 1940], Нэгумэ Ш.Б. [Ногма, 1959], Балъкъэр Б.Хь. [Балкаров 1970], Урыс Хь.Щ. [Урыс 2000, 2001], Къумахуэ М.I. [Кумахов 1981], Шагъыр I.Къ. [Шагиров 2004], Тау Хь.Т. [Тау, Урыс 2008] сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм адыгэбзэм и текъузэр (ударенэр) зыхуэдэр, абы и увыпIэм теухуауэ я еплъыкIэр къыщагъэлъэгъуащ я щIэныгъэ лэжьыгъэхэм. Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIхэм къыпытщэу мы статьям къалэн нэхъыщхьэу щызыхуэдгъэувыжар иджырей адыгэбзэм и текъузэр зыхуэдэр, бзэщIэныгъэм ехьэлIа терминхэр (фIэщыгъэцIэ) БищIо Б.Ч. зэридзэкIахэр къэдгъэсэбэпурэ, дубзыхунырщ.

ПычыгъуитI е нэхъыбэ хъу псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэхэм ящыщу зы пычыгъуэр нэхъ хэкъузауэ къызэрапсэлъым *текъузэкIэ* йоджэ. Пычыгъуэм хэт макъхэм ящыщу текъузэ зытехуэр макъзешэрщ. Апхуэдэ макъзешэм *текъузэ зытелъкIэ* йоджэ. Текъузэ зытелъ пычыгъуэр, адрейхэм хуэмыдэу, нэхъ хэкъузауэ, укъуэдияуэ къапсэлъ. Псалъэм папщIэ, *ма́-хуэ, хъы-джэ'бз, лъа-къуэ-ры-гъа́-жэ, у-нэ'-шхуэ* мы щапхъэхэм текъузэ зытемылъ пычыгъуэр хэкъузауэ къэтпсэлъмэ, псалъэм и къэпсэлъыкIэ хабзэр къута мэхъу, нэгъуэщI мыхьэнэ егъуэт, языныкъуэхэм дежи псалъэм къикIыр мыгурыIуэгъуэ мэхъу. Зэгъ.: **ма́-**хуэ – ма-**хуэ'**; *лъа-къуэ-ры-**гъа́**-жэ – **лъа́**-къуэ-ры-гъа-жэ*, н. Хэкъузауэ къыупсэлъ мыхъу пычыгъуэр – *текъузэ зытемылъ* пычыгъуэщ.

Текъузэ зытелъ пычыгъуэр хэкъузауэ къапсэлъу зэрыщытым къыхэкIкIэ, адыгэбзэм и текъузэр *шэщIауэ* (динамическэ) *къару иIэу* (силовой) жаIэ. Ауэ текъузэ зытелъ пычыгъуэр (абы хэт макъзешэр) мащIэу нэхъ укъуэдияуи къапсэлъ. Апхуэдэ текъузэм *бжыгъэ* (*количественнэ*) *текъузэкIэ* йоджэ. БзэщIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ адыгэбзэм иIэр *шэщIа(къару)-бжыгъэ текъузэу* (динамическо-количественнэщ), шэщIауэ щытыныр нэхъыщхьэу щытми.

Адыгэбзэм текъузэр морфемэ зэмылIэужьыгъуэм телъынкIэ хъунущ:

1) Лъабжьэм: *пщáщэ, гъáвэ, дыˊщэ, жэˊщ, куэˊд*, н.

2) Псалъэр къэзыгъэхъу лъабжьэужьым (суффикс): *жейнэˊд, щIэжьéй, дыхьэшхрúлэ, дыгъэвэˊх, дэшхуéй,* н.

3) Лъабжьэмрэ лъабжьэужьымрэ е лъабжьитIыр зэзыпх макъзешэм и пычыгъуэм: *унэˊщIэ, удзгъáлIэ, къуажэˊбгъу*, *удзыˊфэ, иджыблáгъэ*, н.

Псалъэзешэ (падеж) кIэухым текъузэ техуэ хабзэкъым.

4) Лъабжьэпэм (префикс): а) псалъэ къэзыгъэхъум: *дэˊжэ, къáшэ, щIэˊпкIэ*; б) псалъэр зэзыхъуэкI (грамматикэ категорэ къэзыгъэлъагъуэм): *мáтхэ, уóджэ, яˊдэ, фóтхэ*, н.

*Адыгэбзэ текъузэм и увыпIэр*

Адыгэбзэм и текъузэр псалъэм щыщу сыт хуэдэ пычыгъуэми техуэнкIэ хъунущ, щапхъэ: *дá-хэ, е-гъэ-джá-кIуэ, къэ-кIуэ-жáщ.* Къэтхьа щапхъэхэм адыгэбзэ текъузэм увыпIэ хэха имыIэ хуэдэу зэкIэ къыпщагъэхъу, ауэ Iуэхур зытетыр нэгъуэщI: адыгэбзэ текъузэм и увыпIэр хэубыдыкIащ, ар хабзэ пыухыкIам тетщ.

Текъузэ зытелъ пычыгъуэр къэбгъуэтын щхьэкIэ, псалъэпкъым щымыщу псалъэкIэм пыт лъабжьэгъусэхэр (аффикс) пыгъэкIауэ, псалъэпкъым и кIэр зэриух макъым еплъын хуейщ. Псалъэпкъым хыхьэркъым псалъэм и лексикэ-мыхьэнэм зезымыгъэхъуэж, грамматикэ категорэхэм я лъабжьэужьхэр. Псалъэм папщIэ, *кIу**а**? къэплъ**а**?* (блэкIа зэманым и лъабжьэужь ***–а*****)**; *къэкIуэ**ну**, дгъэкIуэ**нщ*** (инфинитив, къэкIуэну зэманым и лъабжьэужь ***-н, -ну***-хэр); *хуабэ**щ**, тлъэгъуа**щ*** (щыIэныгъэм и лъабжьэужь **–щ); *къэкIуа**къым**, хурикъуну**къым*** (щымыIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужь **-къым**); *ирикъун**къэ**? плъагъу**рэ**?* (щIэупщIэныгъэ-гъэбыдэныгъэ къызэрыкI лъабжьэужь – **къэ**, щIэупщIэныгъэ тешэ – зэман лъабжьэужь – **рэ**); *кIуа**т**, тхьэусыхэр**т*** (тешэ – зэман лъабжьэужь **-т**); *къакIуэ**т**, еджэ**т*** (унафэ тешэм пыувэ лъабжьэужь **–т**); *къакIуэ**мэ**, къаплъэ**тэмэ*** (елъыта тешэм и лъабжьэужь **-мэ, -тэмэ**); *къэкIуа**щэрэт**, укъилъагъу**кIэт*** (фIэфIыныгъэ тешэм и лъабжьэужь **-щэрэт, -кIэт**); *жыг**хэр**, сабий**хэр*** (куэд бжыгъэм и лъабжьэужь-***хэ***); *уэ**рэ** сэ**рэ**, жьы**и** псы**и**, жэщ**ри** махуэ**ри*** (псалъэзэпыщIэ-лъабжьэужь (союз-суффикс) **-рэ, -и, -ри**), н.

Псалъэм и псалъэпкъым щымыщ морфемэхэр (***-а, гъа, -н, -ну, гъэн***-хэм нэмыщI адрейхэр) пыбгъэкIа иужькIэ псалъэпкъыр иухмэ:

1) макъзешэ **э**-кIэ, текъузэр псалъэкIэмкIэ къыщыщIэдзауэ етIуанэ пычыгъуэм телъынущ, щапхъэхэр: *мáхуэхэм, еплIáнэри, мыIэрыˊсэр, IуплъэгъуáфIэщ, нóбэкIэ, апхуэˊдэмэ, игъэкIэрáхъуэрэ?*, н.

2) макъзешэ **э**-м нэмыщIкIэ, нэгъуэщI макъзешэкIэ е макъ дэкIуашэкIэ псалъэпкъыр иухмэ, текъузэр иужь дыдэ ит пычыгъуэм тоувэ, псалъэм папщIэ, *бжэндэˊхъухэр, алэрыˊбгъуыр, тенджыˊзым, сабúйуэ, джэдýхэм, хэхáуэ, шындырхъуóхэр*, н.

Аращи, адыгэбзэ текъузэм и хабзэм укIэлъыплъмэ, уолъагъу текъузэр сыт щыгъуи псалъэкIэм зэрыщыIэр, текъузэм увыпIэ хэубыдыкIа ткIий зэриIэр – ар псалъэпкъым и кIэмкIэ къыщыщIэдзауэ етIуанэ пычыгъуэр е иужь дыдэ ит пычыгъуэрщ.

Адыгэбзэ текъузэр, псалъэм ипэмкIэ къыщыщIэбдзэмэ, япэ, ику, иужь иту къакIуэ пычыгъуэхэм техуэнкIэ хъуну щытми, ар зэлъытар псалъэм и псалъэпкъыр зэрыхъу пычыгъуэ бжыгъэрщ. Псалъэм и псалъэпкъыр пычыгъуитI фIэкIа мыхъурэ макъзешэ **э**-кIэ иухмэ, текъузэр япэ пычыгъуэм хуозэ (*мá-жэ, дыˊгъэ,*

*лъа́-гэ,* н.), псалъэр пычыгъуищ хъурэ макъзешэ **э**-кӀэ иухмэ, ику ит пычыгъуэращ зытехуэнур текъузэр (*ады΄гэ, мазэ΄гъуэ, жыӀэ΄щӀэ, къашы΄ргъэ, нэмысы΄фӀэ*, н.). Псалъэпкъыр нэгъуэщӀ макъзешэкӀэ е макъ дэкӀуашэкӀэ иухмэ, текъузэр зытехуэр сыт щыгъуи иужь ит пычыгъуэращ, зэрыхъу пычыгъуэ бжыгъэм емылъытауэ (*гъэшы΄н, апщӀондэ΄ху, дэгъэзейгъуэ, бгъэдэкӀуэтэ΄н, насыпыры΄хь*, н.

НэгъуэщӀыбзэхэм (тыркуыбзэхэм, хьэрыпыбзэм, персыбзэм) щыщу бзэм къыхыхьа псалъэхэм яхэтщ адыгэбзэ текъузэ хабзэм темыту къызыхэкӀа бзэм и хабзэм къытенахэр: *тэрэзэ΄, мыхьэнэ΄, фейдэ΄, хуэрэджэ΄, хъурмэ΄.*

*Текъузэр Ӏэпхъуэныр*

Адыгэбзэм лъабжьэужь е нэгъуэщӀ псалъэпкъ пыувэурэ псалъэр къыхэщӀыкӀа щыхъукӀэ, къызытехъукӀ псалъэпкъым телъа текъузэр Ӏэпхъуэнущ, ауэ сыт щыгъуи здэӀэпхъуэнур псалъэкӀэмкӀэщ, адыгэбзэм и текъузэм и хабзэм тету. Щапхъэ: *ха́дэ - хадэ΄шхуэ, къу΄тэ – къутэгъуе́й, лъа́бжьэ - лъабжьэ΄ншэ, лӀы΄гъэ – лӀыгъэнша́гъэ, но́бэ – нобэре́й, ма́зэ - мазэ΄гъуэ, у́сэ – уса́кӀуэ.*

Бзэм къыхыхьэ хамэ псалъэхэм адыгэбзэ лъабжьэ е псалъэ къызэрыхъу лъабжьэужь щапыувэкӀэ, адыгэбзэм и хабзэм темыту ятелъ текъузэри мэӀэпхъуэ. Ауэ текъузэр зэрыӀэпхъуэри псалъэм зэрытеувэнури адыгэбзэм текъузэ зэрыщытеувэ хабзэм тетущ. Псалъэм папщӀэ: *тэрэзэ΄*- м текъузэр яужь ит пычыгъуэм тохуэ, зы лъабжьэужь пыувэ щхьэкӀэ, текъузэр зытелъа пычыгъуэм текӀыркъым, ауэ адыгэ текъузэ хабзэм тохьэ: *тэрэзэ΄шхуэ.* А псалъэм иджыри зы лъабжьэужь пыдгъэувэмэ, текъузэр нэгъуэщӀ пычыгъуэм кӀуэнущ: *тэрэзэшхуэ΄жь.* Мы къэтхьыну щапхъэхэм я текъузэри апхуэдэщ: *мыхьэнэ΄ – мыхьэнэ΄ншэ – мыхьэнэнша́гъ, хуэрэджэ – хуэрэдже́й – хуэрэджейшхуэ*, н.

Урысыбзэм къыхэкӀыу адыгэбзэм къиищта псалъэхэми я текъузэр а щӀыкӀэм тету мэӀэпхъуэ: *собра́нэ - собранэ΄шхуэ, председатель - председателы΄гъэ.*

Адыгэбзэ псалъэпкъым лъабжьэпэ къыпыувэкӀэ текъузэм и увыпӀэм зихъуэжыркъым, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ текъузэм и пӀэр зэлъытар псалъэпкъым и пычыгъуэ бжыгъэркъым, атӀэ абы и кӀэр зэриух макъырщ: *ныбжьэ΄гъу – зэныбжьэ΄гъу – дызэныбжьэ΄гъущ, кӀуа́р – зэрыкӀуа́р – дызэрыкӀуа́р – къызэрыкӀуа́хэр.*

Грамматикэ категорэхэм я лъабжьэужьхэмрэ *(-а, -гъа, -н, -ну, гъэн*-хэм нэмыщӀ) псалъэзешэ кӀэуххэмрэ къыпыувэ щхьэкӀэ псалъэм телъ текъузэр ипӀэм икӀыркъым: *на́щэ – на́щэхэр, у΄нэ – у΄нэхэмкӀэ, уа́дэ – уа́дэмкӀэкъым, тхы΄лъ – тхы΄лъхэм*; ауэ *жыӀэда́Ӏуэ – жыӀэдэӀуэ΄н, къохъусы΄ж – къохъусыжа́, нэса́ – нэсагъэ΄нщ.*

ЗыгъэнаӀуэ (определительнэ) псалъэ зэпыщӀам, зы псалъэзешэ кӀэухым зэпищӀэ псалъэхэм яӀэр зы текъузэщ. Ар псалъэ закъуэм текъузэ зэрытеувэ хабзэм тетщ, щапхъэ: *губгъуэ джэ΄д, махуэ гуэ΄рым, хъыджэбз дахэ дыдэ цӀы΄кӀу.* ЗыгъэнаӀуэ псалъэ зэпыщӀам хэт псалъэпкъыу япэ итым (итхэм) зэхъуэкӀа зэрыхъу лъабжьэгъусэ пыт хабзэкъым: *пыӀэ гъуабжэ плъы΄фэ.*

Псалъэпкъхэм ящыщ ӀуэхуцӀэм (причастием), иубыд увыпӀэм емылъытауэ, псалъэпкъым хэмыхьэ лъабжьэпи лъабжьэужьи пытынкӀэ хъунущ: *щӀыпӀэ сыздэкӀуа́р* (*сыздэкӀуа щӀы΄пӀэр*), *хьэщӀэщ сызыщӀэса́р* (*сызыщӀэса хьэщӀэ΄щыр*). Мыбдежми зы текъузэщ техуэр.

ЗыгъэнаӀуэ зэгъусэхэм (определительнэ комплекс) и кӀуэцӀкӀэ япэ итыр ягъэбелджылы псалъэу щытынкӀи зыгъэбелджылы гъэнэхуакӀуэ (определение) псалъэу щытынкӀи хъунущ: *гъэмахуэ уэ΄шх – уэшх щӀы΄Ӏэ.*

Япэ ит псалъэр текъузэншэу яужь ит псалъэм иӀэ текъузэм *проклитикэкӀэ* йоджэ.

ЗыгъэнаӀуэ псалъэ зэпыщӀахэм ящыщу япэ итым текъузэр игъуэту яужь итыр текъузэншэу къэнэнкӀэ мэхъу. Апхуэдэ текъузэм *энклитикэкӀэ* йоджэ. Апхуэдэ текъузэм дыщрихьэлӀэр зы пычыгъуэ фӀэкӀа мыхъу псалъэпкъым, псалъэм папщӀэ, зи щхьэ хущымытыж еигъэ цӀэпапщӀэхэр (*си, уи, ди, фи, я, зи*) е бжыгъэ

***зы***-р япэ иту абы пычыгъуэ закъуэ фIэкIа мыхъу псалъэпкъ зи кIэр ***ы*** е ***э***-кIэ иух щыпыувэм дежщ. Щапхъэ: *зы´ псэ, си́ нэм, ди́ гум*, н.

Энклитикэ текъузэ зиIэ псалъэ зэпыщIам гъэнэхуакIуэ гуэр къыкIэлъыкIуэмэ, псалъэ зэпыщIам проклитикэ текъузэ иIэ мэхъу. Зэгъапщэ: *си́ нэ – си нэ да́хэ, ди́вхэр – ди вы гъэшха́хэр.*

Проклитикэ, энклитикэ текъузэ зиIэ псалъэ зэпыщIахэр къызэрыпсэлъын хуейри псалъэ къэс теувыIэгъуэ емытауэ а зы текъузэр хэкъузауэщ.

*Зы псалъэм текъузэу тIу иIэныр*

Адыгэбзэм и зы псалъэм текъузэм и хабзэмкIэ иIэ текъузэм нэмыщI, етIуанэ текъузэ – *текъузэ кIэрыдзэн* игъуэтынкIэ мэхъу. Псалъэм текъузитI иIэу нэхъыбэрэ дыщрихьэлIэр гъэзэщIэныр (сказуемэр) зэрыупщIэ тешэм (наклоненэм) щитым дежщ. *Те́пщэн**ы̀**гъэт* * *захуэ псалъэр Япэм пIуатэу ущIэхъуар* (ЩоджэнцIыкIу А.I.) Мыбдежым хабзэмкIэ текъузэр зытелъыпхъэ пычыгъуэм темылъу, атIэ япэ пычыгъуэм тету, текъузэ хабзэмкIэ ар зытелъын хуей пычыгъуэми текъузэ кIэрыдзэн игъуэту щытщ.

ЗэраIуатэ тешэм щитым деж, текъузэр псалъэпкъым и кIэмкIэ щыIэщ. Текъузэр зытехуэ пычыгъуэр зэриух макъ дэкIуашэр нэхъ кIыхьу къэпсэлъа хъуэу къыпфIощI. Ар къызыхэкIыр, щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ макъ дэкIуашэм и ужькIэ мащIэ дыдэу фIэкIа къамыпсэлъыж (редуцировать, н.ж. нэхъ кIэщI щIыныгъэ) хъуа макъзешэ **ы** къыкIэлъокIуэри аращ [Урыс 2001:26]. Псалъэм папщIэ, зэгъапщэ: *шэщ* (шы щIэтыпIэ) икIи *шэщ* (жэм, чыцI с.ху. къыщIаш *шэщ*) [АП]. Иужьрейр къыщытпсэлъкIэ макъзешэ **ы** пыт хуэдэу жыдоIэ: *шэщ*ы .

Турчаниновымрэ ЦIагъуэмрэ я грамматикэм [Турчанинов, Цагов, 1940: 43] *къа̀хьа́щ, да̀гъэшха́щ, къо̀дза́къэ, до̀гъэба́нэ*, н. псалъэхэм текъузитI – нэхъыщхьэрэ кIэрыдзэнрэ яIэу щыжаIэ. Мы щапхъэхэм тепщIыхьмэ, макъзешэ ***а, о***-хэм сыт щыгъуи текъузэ ятелъу, текъузэ зытемылъ ***а, о*** бзэм хэмыу аращ. Урыс Хь. абы арэзы техъуэркъым, абы къызэрилъытэмкIэ [Урыс 2001: 26], «дэтхэнэ макъзешэри бзэм къыщокIуэ текъузэ телъуи темылъуи; ***а, о***-хэм сыт щыгъуи текъузэ (кIэрыдзэнми) яIэу къыпфIэзыгъэщIыр езы макъхэм я щытыкIэр арщ - адрейхэм елъытауэ абыхэм нэхъ макъ лъагэ яIэщ».

ПсалъэпкъитI-щы зэпыувэу къэхъуа псалъэхэм зы текъузэщ яIэ хабзэр: *кIэртIофщIэ´тхъуэ, хада́пщIэ, напэIэлъэ´щI, кхъуейплъыжькIэры´щIэ, бзэгузе́хьэ,* н.

*Текъузэм псалъэм и лексикэ мыхьэнэмрэ грамматикэ мыхьэнэмрэ ихъуэжыныр*

Текъузэр зытеувэ пычыгъуэм елъытауэ псалъэм и лексикэ, грамматикэ мыхьэнэхэм захъуэжынкIэ хъунущ.

Языныкъуэхэм деж текъузэм зэуэ ихъуэжыфынущ псалъэм и лексикэ мыхьэнэри и грамматикэ мыхьэнэри, адрейхэм деж абы зэрызэщхьэщигъэкIыр псалъэхэм я грамматикэ мыхьэнэ къудейхэмкIэщ.

*Текъузэм и увыпIэмкIэ лексикэ, грамматикэ мыхьэнэ зэмыщхь зиIэ псалъитIыр зэщхьэщыкIыу*:

*ХьэщIэ´щ – хьэ´щIэщ. ХьэщIэ´щ* – щыIэцIэщ, белджылыншагъэ гъэпсыкIэ иIэщ. *Хьэ´щIэщ* – щыIэцIэ-гъэзэщIэнщ (щыIэцIэ-сказуемэ), ит зэманым, цIэ зыхъуэжыныгъэм, зэраIуатэ тешэм итщ, щыIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ лъабжьэужь – **щ** пыту.

*Аркъэ´* икIи *а́ркъэ. Аркъэ´* – щыIэцIэщ, предмет къегъэлъагъуэ, псалъэзешэ гъэпсыкIэ иIэкъым, нэгъуэщIыбзэ псалъэу адыгэбзэм къыхыхьащ, телъ текъузэр адыгэбзэ текъузэ хабзэм теткъым; *а́ркъэ* – цIэпапщIэщ, зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэ ***а***-м псалъэзешэ гъэпсыкIэ ***–р*** иIэу, зэрыупщIэ тешэм иту гъэзэщIэнщ.

*Ахъшэ´м* икIи *а́хъшэм. Ахъшэ´м* – щыIэцIэщ, псалъэзешэ гъэпсыкIэ иIэкъым, хьэрыпыбзэм къыхэкIащ; *а́хъшэ**м*** – щыIэцIэщ, зыхъуэж псалъэзешэм и кIэух ***–м*** пытщ, тыркубзэм къыхэкIащ.

* Текъузэ *кIэрыдзэныр** дамыгъэмкIэ къэгъэлъэгъуащ.

*ТекIуэ́т* икIи *тéкIуэт*. *ТекIуэ́т* лэжьыгъэцIэщ, унафэ щIыныгъэ тешэщ, закъуэ бжыгъэщ, 2-нэ щхьэщ; *тéкIуэт* – лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнщ, унафэ щIыныгъэ тешэщ, лъабжьэужь ***–т*** пыту.

Адыгэбзэм куэду ущрохьэлIэ текъузэр зэрытеувам елъытауэ псалъэ Iыхьэр зэм лъабжьэ хъууэ, и пычыгъуэ бжыгъэм, и кIэр зэриух макъым къыхэкIыу япэ къитым пыувауэ (е псалъэ къызэрыхъу лъабжьэужьу), зэм грамматикэ категорэ гуэрым и гъэпсыкIэу:

*къуажэ́кIэ* икIи *къуáжэкIэ*. *Къуажэ́кIэ* – щыIэцIитI зэпыуващ: *къуажэ+кIэ* псалъэзешэ гъэпсыкIэ иIэкъым; *къуáжэкIэ – къуажэ* щыIэцIэм псалъэзешэ кIэух ***–кIэ*** пыту аращ.

Текъузэм псалъэм и мыхьэнэр зэригъэбелджылым пыщIауэ зэм псалъитIу тхын хуейуэ, текъузитI щыIэу, зэм зы псалъэу, зы текъузэ фIэкIаи щымыIэу ухуозэ, щапхъэ: *я́пэ увы́н – япэуувы́н*; *зэ трихáкъым – зэтрихáкъым*; *и адэ хъуáмэ – ядэхъуáмэ*.

*Текъузэм и увыпIэмкIэ псалъитIым я грамматикэ нэщэнэ гуэрхэр зэхэкIыу*:

*Дэгъуэщыхьáт-дэ́гъуэщыхьат*? – тешэмкIэ зэщхьэщокI, адрей категорэхэмкIэ зэтохуэ.

*Ечэнджэ́щрэ – éчэнджэ̆щрэ? Ечэнджэ́щрэ* лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнщ, зэраIуатэ тешэм итщ, псалъэзэпыщIэ-лъабжьэужь ***–рэ*** пытщ; *éчэнджэ̆щрэ?* – лэжьыгъэцIэ гъэзэщIэнщ, зэрыупщIэ тешэщ.

*Макъзешэхэм текъузэ щателъымрэ щатемылъымрэ*

Макъзешэхэм я къэпсэлъыкIэр текъузэ щателъымрэ щатемылъымрэ зэхуэдэкъым.

***А***-р щхьэ лъабжьэпэуи блэкIа зэманым и лъабжьэужьуи (***гъа***-м хэт ***а***-ри) текъузэ щателъми щатемылъми макъзешэ нэс ***а***-уэ къапсэлъ: *гъэшхà, ялъá, къагъуэты́фыркъым, шхагъáщIэ, къэкIуайтIыр*.

Псалъэпкъым щыщ макъзешэ ***а***-р текъузэм зэремыпхар наIуэ мэхъу псалъэхэм лъабжьэужь е псалъэпкъ япыбгъэувэкIэрэ, текъузэр ***а***-м темыхуэж пщIымэ. Псалъэм папщIэ: *мáзэ - мазэ́гъуэ, сáбын - сабыны́фI, хáдэ - хадэхэ́кI,* н.

Адыгэ псалъэ закъуэтIакъуэ урохьэлIэ я псалъэпкъыр ***э***-кIэ иухыу, ауэ текъузэ зытемыхуэ, псалъэпкъым щыщ макъзешэ ***а*** хэту: *балы́джэ, къашы́ргъэ, щIагъы́бзэ*.

Хьэрфзешэ ***э***-кIэ иух псалъэпкъым текъузэр зытехуэ макъ ***а*** хэтмэ, ***а***-р макъзешэ ***а*** нэсу къапсэлъ: *дáхэ, гъáтхэ, мáзэ,* ауэ текъузэр Iэпхъуэмэ, **а** ***а***-р макъзешэ ***э***-м хуокIуэ, хьэрфзешэ ***а***-кIэ цIэхэм* щатхыж щхьэкIэ: *дахэ́гъуэ, гъэтхэ́пэ, мазэ́гъуэ.*

Макъзешэ ***у***-м текъузэ щытелъым деж макъзешэ нэсщ, укъуэдияуи къапсэлъ, абы щыгъуэ ар псалъэпкъым щыщынущ: *Дýсэ, жьындý, чэзý,* н. ***У***-м текъузэ темыхуэмэ, ар нэхъ гъэкIэщIауэ къапсэлъ, икIи грамматикэ категорэ къигъэлъагъуэу щытынкIи псалъэпкъым щыщынкIи хъунущ: *дуней, куэду, джэ́ду – джэдý*.

Макъзешэ ***о***-м текъузэ щытелъми щытемылъми и къэпсэлъыкIэр зэхуэдэщ: *нóбэ – нобэрéй, щóдэ, щопсáлъэ*, н.

Макъзешэ ***и, е, э***-хэри текъузэ щателъым деж щатемылъым нэхърэ нэхъ хэкъузауэ, мащIэуи нэхъ укъуэдияуэ къапсэлъ: *дэпкIéй – дэпкIея́щ, хэ́плъэ – хэплъáщ*.

Макъзешэ ***ы***-м текъузэ темылъмэ, е текъузэ зытелъ пычыгъуэм нэхъ пэжыжьэ хухьу, нэхъ кIэщIу къапсэлъ. ПсалъэкIэм щыт ***ы***-ри щIыпыкIуэдыкIым и щхьэусыгъуэри текъузэ зэрытемылъырщ. Псалъэм папщIэ, *ды́щэ – дыщэ́пс, щыгъыны́щIэ, джэдыл(ы)*.

Адыгэбзэ макъзешэхэм я къэпсэлъыкIэнур зыкъомкIэ епхащ текъузэ телъын-темылъыным, зылъэныкъуэкIи ар грамматикэ категорэм пыщIащ, ещанэу псалъэпкъыр пычыгъуэ зэхуэщIакIэ, зэIухакIэ иухыным иIыгъщ.

* ЛэжьыгъэцIэ псалъэхэм хэт а-уэ текъузэр зытемыхуэж, абы къыхэкIкIэ э-уэ къапсэлъыр хэрфзешэ э-кIэ ятхыж: *лáжьэ – лэжьэ́н*.

КъызэщIэткъуэжмэ, нэрылъагъу мэхъу къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и текъузэм увыпIэ хэха зэриIэр, ауэ языныкъуэхэм деж зэрыIэпхъуэр. Текъузэм псалъэм и лексикэ мыхьэнэмрэ грамматикэ мыхьэнэмрэ ехъуэжыф, текъузэ зытехуэ пычыгъуэхэми захъуэж.

Мы статьям щIэуэ къыщыдгъэсэбэпа фIэщыгъэцIэхэр: *текъузэ* – ударенэ; *текъузэ шэщIа* – динамическэ ударенэ; *бжыгъэ текъузэ* – количественнэ ударенэ, *шэщIа(къару)-бжыгъэ текъузэ* – динамическэ-количественнэ ударенэ; *лъабжьэужь* – суффикс; *лъабжьэпэ* – префикс; *псалъэзешэ* – падеж; *лъабжьэгъусэ* – аффикс; *псалъэзэпыщIэ-лъабжьэужь* – союз-суффикс; *IуэхуцIэ* – причастие; *зыгъэнаIуэ зэгъусэхэр* – определительнэ комплекс; *гъэнэхуакIуэ* – определенэ; *гъэзэщIэн* – сказуемэ; *тешэ* – наклоненэ; *щыIэцIэ-гъэзэщIэн* – щыIэцIэ – сказуемэ.

## ТегъэщIапIэ хъуа литературэр

1. *АП* – Адыгэбзэ псалъалъэ. Москва: Дигора, 1999. 860 н. (Словарь кабардино-черкесского языка. М.: Дигора, 1999. 860 с.).

2. *Балкаров Б.Х.* Фонетика адыгских языков. Нальчик: Эльбрус, 1970. 334 с.

3. *Бижоев Б.Ч., Кумыкова Д.М., Тимижев Х.Т.* Учебный русско-кабардино-черкесский словарь. Нальчик: Эльбрус, 2013.

4. *Борукаев Т.М.* Грамматика кабардино-черкесского языка. Нальчик, 1932. С. 6.

5. Кабардино-черкесский язык. В двух томах. Т. I / гл. редактор М.А. Кумахов. Нальчик: Эль-фа, 2006. 548 с.

6. *Кумахов М.А.* Сравнительно-историческая фонетика адыгских (черкесских) языков. М.: Наука, 1981. 288 с.

7. *Лопатинский Л.Г.* Краткая кабардинская грамматика. Русско-кабардинский словарь с указанием // В кн.: Сб. материалов для описания местностей и племен Кавказа. Тифлис, 1881. Вып. XII.

8. *Ногма Ш.Б.* Филологические труды. Нальчик, 1959. Т. II.

9. *Тау Хь.Т., Урыс Хь.Щ.* Адыгэхэм я бзэр зэлъытауэ. Налшык: КБИГИ, 2008. 159 н. (Таов Х.Т., Урусов Х.Ш. Язык адыгов в сравнении. Нальчик: Изд. отдел КБИГИ, 2008. 159 с.).

10. *Турчанинов Г.Ф., Цагов М.Б.* Грамматика кабардинского языка. М.;Л.: Изд-во АН СССР, 1940. 159 с.

11. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэ грамматикэ. Фонетикэ, морфонемикэ, морфологие. Налшык: Эльбрус, 2001. 232 н. (Урусов Х.Ш. Кабардино-черкесская грамматика. Нальчик: Эльбрус, 2001. 232 с.).

12. *Урыс Хь.Щ.* Адыгэбзэм и тхыдэ. Налшык: Эльбрус, 2000. 358 н. (Урусов Х.Ш. История кабардинского языка. Нальчик: Эльбрус, 2000. 358 с.)

13. *Шагиров А.К.* Фонетика и морфология кабардинского языка. Нальчик: Эль-фа, 2004. 220 с.

14. *Яковлев Н.Ф.* Грамматика адыгейского литературного языка. М.;Л., 1941.

15. *Яковлев Н.Ф.* Грамматика литературного кабардино-черкесского языка. М.;Л., 1948. С. 314–344.

# ОСОБЕННОСТИ УДАРЕНИЯ КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОГО ЛИТЕРАТУРНОГО ЯЗЫКА

**Абазова Марита Мухамедовна**, кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка Института гуманитарных исследований – филиала Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), marita.abazova@yandex.ru

Статья посвящена анализу ударения современного кабардино-черкесского литературного языка. В данном исследовании осуществлён комплексный подход к оценке и

систематизации широкого круга источников по сравнительно-исторической фонетике, фонологии адыгских (черкесских) языков. В качестве источниковой базы выбраны труды учёных-адыговедов, которые изучали те или иные аспекты исследуемой проблемы. Для изучения адыгского ударения, а также для определения закономерностей употребления ударений в кабардино-черкесском языке был использован комплекс методов и приемов: сравнительно-исторический, аналитический. Отмечается, что в адыгских языках ударение по своей природе динамическое, бывает сильным и слабым, а также выполняет смыслоразличительную и грамматическую функции. Ударение в кабардино-черкесском языке является фиксированным, но в некоторых случаях оно подвижное. Впервые в научный оборот запущено значительное количество новых лингвистических терминов (список прилагается в конце статьи), образованных на собственной языковой базе, которые заменят заимствования из других, в основном из русского, языков. Автор - доктор филологических наук Б.Ч. Бижоев. Делается вывод, что ударение в адыгских языках бывает словесное, фразовое, динамическое и силовое.

**Ключевые слова**: кабардино-черкесский язык, ударение, фразовое ударение, динамическое ударение, силовое ударение, система.

## THE FEATURES OF THE ACCENT OF THE KABARDINO-CHERKESS LITERARY LANGUAGE

**Abazova Marita Mukhamedovna**, Candidate of Philology, Senior Researcher of the Kabardino-Circassian Language Sector of The Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), marita.abazova@yandex.ru

The article analyzes the stress of the modern Kabardino-Circassian literary language. This study provides a comprehensive approach to evaluating and systematizing a wide range of sources on comparative historical phonetics and phonology of the Adyghe (Circassian) languages. As the source base selected writings adigonidon who have studied various aspects of the problem under study. To study the Adyghe accent, as well as to determine the regularities of the use of accents in the Kabardino-Circassian language, a set of methods and techniques was used: comparative-historical, analytical. It is noted that in the Adyghe languages, stress is dynamic in nature, it can be strong and weak. It also performs semantic and grammatical functions. The accent in Kabardino-Circassian is fixed, but in some cases mobile. For the first time, a significant number of new linguistic terms have been launched into scientific circulation (the list is attached at the end of the article), formed on their own language base, which will replace borrowings from other languages, mainly Russian. The author is doctor of Philology B. CH. Bizhoev. It is concluded that the accent in Adyghe languages can be verbal, phrasal, dynamic and forceful.

**Keywords**: Kabardino-Circassian language, stress, phrasal stress, dynamic stress, power stress, system.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-3-46-69-75